



CHIKAMU 9

*KUTANGA
KWOSHUMIRI*



TARIRA,
GWAYANA RAMWARI
RINOBVISA MATADZO
EPASI ROSE.

*UYU NDIYE
MUPONESI!*

UYU NDIYE
WAKATAURWA
NEZVAKE
NEVAPOROFITA.


ACHAITA
SEI?



HAZVIGONI
KUTI NDIKUSIYEI
ISHE WANGU.

NGATITEVERE
JESU.

HANDISINI ISHE WAKO, INI
NDINOFANIRA KUDEREDZWA KUSVIKA
NDISISIRI CHINHU, IYE OKUDZWA
KUSVIKA AVA ISHE PAZVOSE. ICHOKWADI,
NDIYE MUDZIKINURI, MUPONESI WAPASI
ROSE. NGATIMUTEVEREI.



ISHE, TINODA
KUKUTEVERAI KUTI
TIVE VADZIDZI VENYU.
MUNOGAREPI?


HUYA
LIONE.



FIRIPI,
NDITEVERE.

HONGU ISHE,
TANGA TAKAKUMIRIRAI,
ASI REGAI NDITANGE
NDANOTSVAGA
NATANIYERE.

NAYEWO ANGA
AKAMIRIRA KUYA
KWEMUPONESI
ACHITEVEDZA
MIRAIRO YOSE.



ARI
MUMUNDA
WEMICHERO,
KWAKANAKA
HERE?

KO
NATANIYERE
URUPI?

HONGU,
KWAKANAKA.


JOHANE 1:35-39, 43-45, 3:30-31



**NATANIYERE,
UROPIKO?**


**NDIRI
PANO
MUKOMA
WANGU.**

**TAMUWANA
NATANIYERE, UYO
AKATAURWA NAMOZISI
NEVAPOROFITA, JESU
WENAZARETA, MWANA
WAMARIYA.**



MUPONESI CHAIYE?
MATOTAURA NAYE? KO
KUZOTI NAZARETA. HAPANA
CHISVINU CHAKABVA KUNAZARETA.
MUPONESI ANGABVE KUNZVIMBO
YEVAROMBO KUDARO, VANHU
VASINA CHAVANOZIVA. AIFANIRWA
KUZVARIRWA MUGUTA
REBETEREHEMA JUDHA.


HUYA
UZVIONERE,
JOHANE AKAPOROFITA
PAMUSORO PAKE. VARI
VOSE NAENDURU
IZVOZVI.



HOYO MWANA
WEIZIRAYERE
ANE MOYO
WAKACHENA.

FIRIPI,
ASI PANE
ZVAWAUDDZA
PAMUSORO
PANGU?

KANA
CHIMWE
CHETE.



IMI HAMUNDIZIVI,
MUNGATAURE
NEZVEMOYO WANGU
WAKACHENA SEIKO?

FIRIPI ASATI AKUSHEVEDZA,
NDAKUONA UGERE PASI
PEMUONDE.


MANDIONA SEI?
HAPANA MUNHU
ANGE ACHIZIVA
KWANDANGA NDIRI.



MURI
MWANAKOMANA
WAMWARI,
NDIMI MAMBO
WAIZIRAYERE.

IZVI ZVAKUVHURA
MESO. UCHAONA ZVIKURU
KUDARIKA IPAPA. UCHAONA DENG
RICHIZARUKA, NGIROZI DZAMWARI
DZICHIKWIRA NOKUDZIKA PANDIRI.
HUYA TINE BASA GURU ROKUITA.

JOHANE
1:45-51




ENDURU WAKAENDA
KUNOTSVAGA MUKOMA
WAKE KUTI AMUUDZEWO
NEZVAJESU.

SAIMONI,
TAMUONA MUPONESI
AKATAURWA NEZVAKE
NAJOHANE.

HUYA
UZVIONERE.

RIINI? ARIKUPI?
AKAITA SEI?
PANE VAMWE
VARIKUMUTEVERA
HERE?



NDIWE SAIMONI
MWANAKOMANA
WAJOHANE, ASI KUBVA
ZVINO VACHAKUTI
PETURO.

NDICHANOSIYA
CHIKEPE CHANGLU
KUHAMA DZANGLU
NDIGOKUTEVERAI.



MUSHURE MENGLIVA PFUPI, JESU WAINGE
ASARUDZA VARUME GUMI NEVAVIRI VAAIFAMBA
NAVO VACHINZWA DZIDZISO DZAKE.



JESU NEVADZIDZI VAKE VAKENDA
KUTEMBERI KUNONAMATA, ASI
KWAKANGA KWAKAZARA VAITENGESA.

SEI MUCHIDA
KUTI NDIUNZE
MARI YAKACHINJIKA?
MUNENGE
MURIKUBA APA.

VAPIRISITA
VANE HUORI,
VANOWANA CHAVOWO
PANE ZVOSE
ZVINOTENGESWA
MUTEMBERI.

VAPIRISITA
VANOBVUMIRANA
NAZVO.



MAKO 3:16; JOHANE 1:40-42, 2:12-14



ARIKUI TEI CHAIZVO,
ASWERA AKANGOMIRA
PANZVIMBO IMWE
CHETE ACHIRUKA, ASINA
WAATAURA NAYE.

NHASI TAITA MARI
WENA, IZVI ZVITORI NANI
PANE KUENDA KUBASA.


A comic book panel with a warm, orange-toned background. On the left, a large, muscular hand in a white sleeve reaches in, grasping the arm of a man in a brown tunic. The man has a dark beard and hair and a somber expression. To his right, another man with a beard and hair, wearing a blue tunic and a red shawl, looks on with a serious expression. In the foreground, a white speech bubble with a black border contains the text. The background shows architectural elements like columns and a doorway.

**TYAVA!
ARIKUGADZIRA
TYAVA!**



IMBA YABABA VANGU
NDEYOKUNAMATIRA,
ASI IMI MAITA CHIMBA
CHEMBAVHA. BUDAI MUNO
IZVOZVI MOSE HENYU!

IMBA YABABA
VAKO? ANOZVIITA
ANI CHAIZVO UYU?
MUPONESI?



MUSASHANDISE
IMBA YABABA
VANGU KUITA
MABASA ENYU
EKUTSVAGA MARI.
MURIMBAVHA
DZEVANHU.

PWA... PWA...

JOHANE 2:15-16



BVARU.. BVARU..

MURI RUDZI
RWENYOKA.
MUNOSIYA
CHIRIKADZI
DZICHIFA
NENZARA.

ANOZVITA
ANI CHAIZVO
UYU?

AIKAZVE!

MATEU 6:5-7, 12:34;
JOHANE 2:15-16;
1TIMOTI 6:10

PWA.. PWA..

GU.. GU.. GU..

MUNOITA
MINAMATO


MIREFU ASI
MUSINGAREVESE.

BVARU.. BVARU..
BVARU..





PAMUNODZOKA
KUMBA KWABABA
VANGU HUYAI
KUZOTENDEUKA.



UNORANGAIRA
HERE NDIMA IYA
YAKANYORWA
NADHAVHIDHI
PAMUSORO
PEMUPONESI?

VADZIDZI
VANODZIDZISA VACHITI
PANOLIYA MUPONESI,
ACHAKURUMIDZA KUENDA
KUTEMBERI.

HOUNGU,
"NOKUTI
KUSHINGAIRIRA
IMBA YENYU
KWAKANDIDYA
MOYO, NOKUTI
VAVENGI
VENYU MWARI
VAKANGANWA
IMBA
YENYU."



NDIWEKA
JESU WENZARETA
ANOTURWA NEZVAKE
NAJHANE. WAKONZERESA
NYONGA-NYONGA NHASI
UNO. CHIRATIDZO CHIP
CHACHO?

MUCHABATA IDI
ROKUTI NDINI MUPONESI
PAMUCHAPUTSA TEMBERI
INO, NDIGOIVAKA
MUMAZUVA MATATU.




PAAKATAURA NEZVETEMBERI,
JESU HAANA KUTSANANGURA
ZVAAIREVA NOKUTI WAISADA
KUTI VANZWISISE.

ZVAKATITORERA
MAKORE MAKUMI
MANA NEMATANHATU
KUIVAKA, IWE UCHATORA
MAZUVA MATATU?
ZVINOKATYAMADZA
IZVI!

TICHAKUSUNGISA
UKADZOKA KUNO
ZVEKARE.

JESU NEVADZIDZI VAKE VAKABUDA
MUJERUSAREMA VAKANANGA KUCHAMBEMBE,
KUNAZARETA LIKO NDIKO KWAIBVA JESU



TITAMBIRE
JESU, PINDAI
MOSE NEVADZIDZI
VAKO TIKUGADZIRIREI
CHIKAFU.

AMAI,
HATISI KUGARISA,
TINGORI KUNO
SABATA INO
YOGA.

TINOFARA KUVA NEMUMWE
WEDU AKABVA KUNO ACHIDZOKA
NESHAMWARI DZAKE. TANGA TICHINZWA
ZVAKASIYANA-SIYANA PAMUSORO PENYU,
SAKA TODA KUTI MUTIPAKURIRE
MUKUFAMBA KWENGUVA.

SOMURAIRO WAKE,
JESUS WAKAENDA
KUSINAGOGI, UKO
KWAASHUMIRA
MUSI WESABATA.

ASI KWANHASI,
JESU,
TINOKUMBIRA
UTIVERENGEREWO
MAGWARO.

SABATA IZUVA RAKATARWA NAMWARI PASVONDO ROGA ROGA KUTI
VANHU VAZORORE LIYE RIRI PAMIRAIRO INE GUMI. (MAYAMBO 2:2-3;
EKISODHO 20:10). ISAYA 42:7, 61:1-2; RUKA 4:16-21

JESU WAKAVHURA PANA
MUPOROFITA ISAYA
NDOKLIVERENGA CHIMWE
CHEZVIPOROFITA ZVAKE.



MWEYA WASHE
URIPAMUSORO PANGU, NOKUTI
WAKANDIZODZA KUTI NDIPARIDZIRE
IVHANGERI KUVAROMBO, KUTI
NDISVINUDZE MESO ASINGAONE,
NDUBURITSE VASUNGWA MUTIRONGO,
UYE KUTI NDIPARIDZE KUTI
YASVIKA NGLIVA YORUPONISO
RWAMWARI.



NHASI LINO
CHIPOROFITA ICHI
CHAZADZISWA.



**KUMHURA
MWARI UKU!**

**ZVAURIWE
MWANAKOMANA
WEMUVEZI
WANI.**

**DZIKAMAI,
ISU TAKUBUDA
MUNO.**

**NGAATAKWE
NEMABWE.
ARIKUZVITI
NDIYE
MUPONESI.**

JESU NEVADZIDZI VAKE
VAKAENDA KUKAPENALIMI.
GUTA IRI RAIVA PEDYO
NENYANZA NDIMO MAIGARA
VAMWE VEVADZIDZI
VAJESU. MUSHURE MEZVO
VAKADZOKERA KUSINAGOGI.



VAPOROFITA VAKATI MUPONESI
WAIZOVA CHIEDZA KUVATADZI, UYE
VAIZOVIMBA NAYE. WAKAROPAFADZWA
AKACHENA PAMOYO, NOKUTI
LCHAONA MWARI. MWARI HAVADZINGI
ANOLYA KWAVARI, CHERO UPI ZVAKE
MUTADZI KANA MUJUDHA.




**MUTSVENE,
TISIYEI TIRI
TOGA.**



NDINOKUZIVA IWE,
NDIWE MUTSVENÉ
WAMWARI.

ANEMWEYA
WETSVINA
WAKAMUGARA,
MUDZINGEI
KUBVA PANO.



WALIYA
KUZOTIPARADZA
NGLIVA YEDU ISATI
YAKWANA HERE?
TISIYE TOGA,
HATINEI NEWE ISU.

NDIYANI
WAMUTENDERA
KUPINDA MUNO?
NGWARIRAI!
AKAIPA UYU.



MADHIMONI,
NDINOKURAIRAI,
BUDAI MAARI UYE
MUSAZOMUTAMBUDZA
ZVEKARE!



**ENDA,
BUDA!**

YOWEE..



WAMUITA
SEI?

WAF
HERE UYU?



PASINA NGLIVA NDEFU, WAKABVA
WASIMUKA NETSOKA DZAKE.

MWARI
NGAVAKUDZWE!

MADHIMONI
ABUDA,
WASUNUNGURWA!
CHIPINDA MUNZIRA
YAKO UENDE
KWAKO, UYE
USAZOTADZA
ZVEKARE.

JESU ANESIMBA
PAMUSORO
PEMADHIMONI. MURLUME
LIYU AKUFUNGA
ZVAKANAKA.



TINOUYA!

PETURU,
HANZI
CHIMBIDZA
KUYA
KUMBA, MAI
VOMUDZIMAI
WAKO
VARIKUPISA
MUVIRI
ZVIKURU.



NHAIWE
PETURU
MURLIME WANGU,
VANOPIISA MUVIRI
ZVAKANYANYA.

USATYA,
MUDZIDZISI
VARIPANO.




SIMUKAI
MHAI, URWERE
HWENYU
HWAENDA.



MAKO 1:25-30;
RIKA 4:35-38

VAKUSIMUKA!
VAPORA AVA!

VAKAMUKA PANHOVO DZAVO
NDOKUSHUMIRA KUNA
JESU NEVADZIDZI VAKE.



SHOKO
ROKURAPWA
KWAVO
RAKAFAMBA
VAZHINJI
VAKAUNZWA
KUNA JESU.

MUDZIDZISI,
BABA VANGU
VAKAOMA MUTEZO
NDICHIRI MUDIKI. PANE
DANDA RAKADONHA
RIKAVAVHUNA MUSANA.
VEDUWE, KANA
MUCHIKWANISA
TIBATSIREIWO.

SIMUKA
LUFAMBE.



**MWARI
NGAVAKLIDZWE!**



**NDAKUGONA
KUFAMBA ZVEKARE!
LIYU MUNANA
CHAIWO.**

**ISHE,
MWANASIKANA WANGU
AKAZVARWA ASINGAONE.
MUNGAMUBATSIRAWO
HERE?**

**MAKO 1:30-34;
LUKA 4:38-40**

SEKUTAURA KUNOITA
MAGWARO "MAPOFU
ACHAONA." MWANASIKANA
WENYU AKUONA
ZVEKARE.






BABA, NDIMI HERE?

AHH, NDAISAZIVA
BABA KUTI
MUNORATIDZIKA SEI?
MAKANAKA KUDARIKA
ZVANDAIFUNGIRA.






JESU NEVADZIDZI VAKE
VAKAENDA KUJERUSAREMA
MUMAZUVA EMUTAMBO,
AKANODZIDZISA
MUTEMBERI.

KANA
PANE AKUTUKA,
USADZOSERE CHITUKO,
IWE NAMATIRA VAKADARO
KUTII VAROPAFADZWE.
ITIRA VAMWE ZVAUNODA
KUTI VAKUITIRE IWE DAI
WAIVE MUSHANGU
DZAVO.

KANA VANHU
VAKAKUTADZIRA,
VAREGERERE.
UCHAROPAFADZWA
KANA UINE MOYO
WAKACHENA UYE
UCHAONA MWARI. UKAITA
RUNYARARO UCHAVE
WAKAROPAFADZWA.


A man with a beard, wearing a white tunic and a yellow shawl, stands in a classical building with columns. He has his right hand raised and is speaking to a crowd of people. The crowd consists of men and women in various head coverings and robes. The scene is set in a well-lit, open-air environment.

MAKANZWA
NEVEKARE KUTI
UNOFANIRA KUDA
SHAMWARI DZAKO
UCHIVENGA VAVENGI
VAKO, ASI ZVINO
NDINOTI KWAMURI,
IDA VAVENGI
VAKO LIVAITIRE
ZVAKANAKA.

KO ZVIYA
ZVAINZI TSIVIDZA
AKUKANGANISIRA
SEKUKANGANISA
KWAKE.



KANA
MUNHU AKAKUROVA
RUTIVI RWUMWE, MUPE
RUMWE RWACHO. USAVE
NEHASHAUKAONA HAMA
YAKO ICHIDA CHOKUFUKA,
IWE UINE ZVIVIRI, MUPEWO
CHIMWE. KANA AINE NZARA,
MUPEWO CHOKUDYA. BABA
VAKO VARIKUDENGA
VANOONA ZVAKADARO
VOKUROPAFADZA.



MAKANZWA
KUTI MUSAUWAYE,
ASI NDINOTI KWAMURI,
KANA UKAGLUMBUKIRA
HAMA YAKO PASINA
MHAKA, UCHATONGWA
NAMWARI.

MATEU 5:8, 21-22, 38-44, 6:12; MAKO 1:34; LUKA 4:40


MAKANZWA
KUTI USAITE
UPOMBWE, ASI
NDINOTI KWAMURI,
KANA UKATARISA
MUDZIMAI NEMESO
AZERE NORUCHIVA,
WATOPOMBA KARE
NAYE MUMOYO
MAKO.






VAKURU
VEZVITENDERO
VANORATIDZIKA
ZVAKANAKA KUNZE,
ASI MUMOYO
VAZERE NOUIPI.

VANOITA SEMAKUVA
ANOYEVEDZA KUNZE AKAPENDWA
NORUVARA RUCHENA ASI MUKATI
ANGOVE MABHONZO ASARA. KANA
KURLURAMA KWAKO KUSINGADARIKE
KWEIVAVA, HALINGAPINDI MUUSHE
HWANGU HWOKUDENGA.

A man with a dark beard and mustache, wearing a white shirt and a yellow shawl, is shown in a dynamic, expressive pose. He has his right hand raised to his chest and his left arm extended upwards. The background is a simple, light-colored wall with a dark shadow cast behind him. The overall style is that of a comic book illustration.

PANE NZIRA
YAKAFARANUKA
INOENDA
KUKUPARADZWA,
ASI VAZHINJI
VANOFAMBIRAMO.


NDINI MUKOVA
UNOTUNGAMIDZA VANHU
KUDENGA. UKAPINDA
NEMANDIRI UNOWANA UPENYU
HUSINGAPERI, ASI UKASHANDISA
UMWE MUKOVA UNOFIRA
MUZVIVI ZVAKO.



SEI
UCHIPORESA NOMUSI
WESABATA? MOZISI
WAKARAYIRA KUTI
VANHU VASASHANDE
PASABATA.


BABA VANGU
VAKANDITUMA KUTI
NDIZOBATA BASA
RAVO. NDINONGOITA
IZVO VANONDIUDZA
KUTI NDIITE.

LINOZVIITA
WAKAENZANA
NAMWARI, KUMHURA
MWARI KA UKU.



KUDA
KWAMWARI
KUTI VANHU
VOSE VASHUMIRE
NOKUREMEKEDZA
MWANAKOMANA
SEZVINOITWA
KUNA BABA.

ICHAKWANA NGUVA YOKUTI
VARIMUMAKUVA VACHANZWA
IZWI RANGU VOMUKA, VAMWE
KUUPENYU HUSINGAPERI,
VAMWE KUKUPARADZWA.



CHOKWADI UYU
NDIYE MUPONESI,
AKAITA MINANA, ZVINO
AKUTAURA MASHOKO
MAKUKUTU AWA.

AKASIYANA
NEVAMWE
VATUNGAMIRI
VEZVITENDERO,
ANOTAURA
ZVINE SAMBA.
NDINOTYA KUTI
VACHAMUURAYA.

REGAI
NDIENDE
NDINOLDZA
MUDZIMAI
WANGU.

MATEU 5:27-28, 7:13-14, 28-29, 23:27-28;
JOHANE 5:18-19, 23, 29-30, 14:6




ISHE, PANE
MUFARISE UYU ANODA
KUKUONAI. MUTUNGAMIRI
WEVAJUDHA. MUNHU
ANOREMEKEDZWA
ZVIKURU.

SEI ACHIFAMBA
HUSIKU, ASI
ANONYARA KUONEKWA
ACHIWADZANA
NAJESU?


REGAI
NDINOTALURA
NAYE
PAKAVANZIKA.

*NHENGO YEVAJUDHA VEKARE YAIZIVIKANWA NOKUTEVERA TSIKA
DZECHIJDHA ANORANGARIRWA.



HAUNGAONE
UMAMBO HWOKUDENGA
KANA USINA KUBARWA
PATSWA.

ISHE,
ISU VATUNGAMIRI
VECHIJDHA
TINOZIVA KUTI
MUNOBVA KUNAMWARI,
NOKUTI HAPANA
MUNHU ANGAITE
MINANA YAMUNOITA
ASINA MWARI.



ZVINO REVA HERE
KUTI NDINO FANIRA
KUPINDA MUDUMBU RAMAI
VANGU NDOZVARWAZVE
PATSWA KECHIPIRI.

KWETE, CHENYAMA
CHINOZVARA CHENYAMA,
UYE CHOMWEYA CHINOZVARA
CHOMWEYA, NIKODHIMASI,
INZWA ZVANDINOTALURA,
UNOFANIRA KUBARWA
PATSWA.

ZVINO FAMBWA SEI,
NDINO BARWA PATSWA
CHIRUDZIIKO?




SOKUSUMUDZWA
KWAKAITA
NYOKA NAMOZISI
MURENJE, NENIWO
NDINOFANIRA
KUSUMUDZWA.

KUZVARWA PAMWEYA
CHINHU CHAKAVANZIKA
SOKUVHUVHUTA KWEMHEPO, ASI
ZVINOITIKA MATIRI. UNOFANIRA
KUBEREKWA PATSVA KUBVA KUDENGA
KANA UCHIDA UMAMBO HWAMWARI.

NUMERI 21:5-9;
JOHANE 3:1-14.

ASI VAILRAWA
NOKURUMWA
NENYOKA NOKUTI
VAKANGE VATADZIRA
MWARI. ASI VOSE
VAKASIMUDZA MESO
AVO VAKATARIRA
PANYOKA
YENDARIRA
VAKAPONESWA.






NYANGWE
NAZVINO,
VANHU VANOFA
"NOKURLUMWA" NECHIVI.
KUNE AVO VAINGE
VARUMWA VAKATARIRA
KUNYOKA YENDARIRA,
VAKAPORESWA, NAZVINO,
KUNE AVO VANENGE
VARUMWA NECHIVI
VAKATENDA MANDIRI
VANOWANA
DZIKINURO YAVO.



NOKUTI MWARI WAKADA
NYIKA NOKUDARO WAKAIPA
MWANAKOMANA WAKE MUMWECHETE
KUTI ANI NANI ANOTENDA MAARI AVE
NEUPENYU HUSINGAPERI. UYO ANOTENDA
MANDIRI ANE HUPENYU HUSINGAPERI,
ASI UYO ASINGATENDI MANDIRI
LICHARASHWA.



SAKA URIKUTI HAPANA
IMWE NZIRA YORUPONESO KUBVA
KUCHIVI KUNZE KWOKUZVARWA PATSVA,
UYE KUTI IWE UCHANANIKWA PADANDA
KUTI VANHU VAGOPONESWA.

KUCHAVAKO
RIINIKO KUZVARWA
PATSVA UKU.

MUSHURE
MOKUNGE
NDASUMUDZWA
KUTI VANHU
VOSE VAONE.


VASAMARIYA
VAIGARA PAKATI
PEJERUSAREMA
NEGARIREYO. VAJUDHA
VAISADA KUSANGANA
NAVASAMARIYA
KANA KUPFLURA
NEMUMAGUTA
AVO SEZVO VAINZI
VAKANGE VAKAN'ORA.
RIMWE ZUVA JESU
WAKASHAMISA
VADZIDZI VAKE ACHITI.



HUYAI NOKUNO,
NDODA KUPFLURA
NOMUSAMARIYA.

KUDA KWAMWARI
KUTI NDIPFLURE
NEMUSAMARIYA.

ISHE,
VAKAN'ORA, UYE
HAVANA CHAVANOZIVA
VANHU AVA. VAROMBO
UYE HAVATEVEDZI
MIRAIRO.



PAKATI PEZUVA,
VAKASVIKA
PAMUGODHI WAIVA
KUNZE KWEGLITA.

PINDAI
MUGUTA
MUNOTSVAGA
NYAMA, INI
NDICHAKUMIRIRAI
PANO.

MUNOSARA
MOGA PANO
HERE?

HONGU,
NDINOFANIRA KUITA
KUDA KWABABA
VANGU.



JESU AKANGE ANETA, UYE
AVE NENZARA NENYOTA.
CHERO NGLIVA YAKANGE
ISATI YAKWANA KUTI
VASAMARIYA VAZOCHERA
MVURA, PANE MUKADZI
AKALIYA KUZOCHERA MVURA.


JOHANE 4:1-8

A man with a beard and long hair, wearing a white robe and a yellow sash, stands on the left side of a well. A woman wearing a green dress and a white headscarf stands on the right side, holding a bucket on a pulley system. The well is made of wooden poles and has a bucket hanging from it. There are trees and foliage in the background.

LINGANDIPAWO MVURA
YOKUNWA NOMUKOMBE
WAKO HERE?

DAI WAIZIVA CHIPO
CHAMWARI UYE KUTI INI
NDINI ANI, WAIKUMBIRA
MVURA MHENYU.


AAA.. SEI IMI
MURUME WECHIJDHA
MUCHIKUMBIRA MVURA
KUNENI MUDZIMAI
WECHISAMARIYA?
ZVANDAITIZE IMI
MAJDHA HAMUNA
CHOKUITA NESU.



UNOTI UNODA KUNDIPA
MVURA? HAUNA MUKOMBE
WEKUCHERESA UYE TSIME IRI
RAKADZIKA, UNONDIPA SEI
MVURA MHENYU?

SAKA NDIPEIWO
MVURA MHENYU
IYI NDISAZOBATWA
NENYOTA ZVEKARE.


UKANWA
MVURA IYI
UNOBATWA NENYOTA
ZVEKARE. YANGU
MVURA YANDINOKUPA
INOGARA MUHANA MAKO
SECHITUBU CHELPENYU
NOKUSINGAPERI.



ENDA UNODANA
MURUME WAKO
NDIGOTaura NEWE
NEZVEMVURA IYI?


HANDINA
MURUME.

WAGARA
NEVARUME
VASHANU, UYE
MURUME WAURI
KUGARA NAYE
IKOZVINO HAASI
WAKO.



SAKA
MUNOPOROFITA
KA IMI, KUZIVA
CHIVI CHANGLU
CHAKAVANZIKA
KUDAI?

IMI VAJUDHA
MUNOSHUMIRA
MUJERUSAREMA, ISU
TINOSHUMIRA MUGOMO IRI,
NZVIMBO YOKUSHUMIRA
YEMAZVIROKWAZVO
NDEIPI.



MWARI MWEYA,
HAASHUMIRWE
MUMATEMBERI AKAVAKWA
NEMAOKO EVANHU.
MWARI UNOTSVAGA
VANOTENDA KUZVOKWADI
UYE VANOMUNAMATA
MUMWEYA.

TINOZIVA
KUTI MUPONESI
ACHALIYA, KANA
ALIYA ACHATIZIVISA
ZVOKWADI YOSE.




WALRI
KUTALRA
NAYE NDIYE
MUPONESI.

**NDINOFANIRA
KUENDA KUNOULDZA
HAMA NESHAMWARI
DZANGU.**



**JESU AKAGARA
MUSAMARIYA
MAZUVA MAVIRI
ACHIPARIDZA
SHOKO RAMWARI.**

JOHANE 4:7-29, 40




RIMWE ZUVA JESU
NEVADZIDZI VAKE
VAKAMIRA PACHIKOMO
CHAKATARISANA
NEDZIVA REGARIREYO.

PAUNOPA
MARI KUVAROMBO,
USAZVIITIRE PARUZHINJI
PAUNOONEKWA.


ZVIURU ZVEVANHU
ZVAKAUYA KUZONZWA
ACHIDZIDZISA.

UKASHUMIRA KUNA MWARI
PAJEKERERE PAUNOPEMBEDZWA
NEVERUZHINJI, HAUCHAWANI
MUGOVE UNOBVA KUDENGA. RUOKO
RWERUBOSHWE HARUFANIRI KUZIVA
ZVINOITWA NERWOKURUJI.




USANAMATIRE
PAUNOONEKWA
NEVERLUZHINJI
SEZVINOITWA
NEVANONAMATA
VACHINYENGERA.

KANA MUCHINAMATA,
MUSADZOKORODZE-DZOKORODZE
SEZVINOITWA NEVAKURU VENYU
VANODA KUONEKWA NEKUTSVAGA
MUKURUMBIRA.



USASHANDISE NGLIVA
YAKO ZHINJI UCHITSVAGA
UPFUMI NOKUTI VAPFUMI VANE
MATAMBUDZIKO AKAWANDA,
UYE VANODA UPFUMI HWAVO
ZVAKANYANYA ZVOKUVATADZISA
KUPINDA DENGA.

USACHENGETERE
PFUMA YAKO PASI
PANO ASI ICHENGETERE
KUDENGA KUSINA
ZVIPFUKUTO. USAVE
NEMADZIMAMBO
MAVIRI, MARI NAMWARI,
NOKUTI UCHAPEDZISIRA
WOVENGA MUMWE
NOKUDA MUMWE
WACHO.



ISHE,
KWAKUDOKA, VANHU
VAGARA NESU KWENGLVA
NDEFU UYE VAVA
NENZARA, UYE KUZVITORO
KWAVANGATENGA CHIKAFU
KURE NEPANO.

VAUDZEI
VAENDE
VANOTSVAGA
ZVOKUDYA.



ISHE, IDYAI HENYU
CHIKAFU CHANGLU ICHI
CHANDAGADZIRIRWA NAMAI
VANGU. PANE HOVE MBIRI
NEZVINGWA ZVISHANU.



UDZAI
VANHU VOSE
VAGARE PASI
TIVAGOVANISE
CHIKAFU ICHI.

TIVAPE
CHII?

MATEU 6:1-7, 19-21, 14:15



REGA TIONE.
ZVINOITA KUNGE
TICHANGE TICHIDYA
CHINGWA NEHOVE.

TSVAGAI
MABHASIKETI
GUMI NEMAVIRI
MUGADZIRIRE
KUGOVERA VANHU
CHIKAFU.

ASI
ISHE, IZVI
HAZVIGUTSI
MUNHU
MUMWECHETE,
KOKUZOTI
ZVIURU
ZVISHANU.



MAKAKOMBORERWA
IMI ISHE, MWARI
WEDU NAMAMBO
VEDU, MUNOUNZA
CHINGWA KUBVA
MUVHU.



ARIKUTEIKO
KUDURARA
CHIKAFU
CHISHOMANENE
ICHOCHO
MUZIBHASIKETI
ROSE IRO.



TARIRA, CHABVEPI
CHIKAFU CHOSE
ICHO?

MATEU 14:19-21; RUKA 9:16-17




**MWARI
NGAVAKUDZWE!**

**ANOTIPA
CHINGWA
CHINOBVA
KUDENGA
SEZVAKAITWA
NAMOZISI.**

**AMAI
HAVASI
KUZOVITENDA
IZVI.**



VANHU VAKATORA
VAKADYA CHIKAFU
CHAIBVA MUBHASIKITI.
CHAIRAMBA
CHICHINGOWEDZERA.



ISHE, VANHU
VOSE VADYA
ASI CHIKAFU
CHICHAKANGOZARA
MUMABHASIKITI.
HACHISI KUPERA.


LINGANIDZAI ZVOSE
ZVASARA, NDINODA KUTI IMI
MUENDE NECHIKEPE KUMHIRI
KWERWIZI. NDICHAZOKUONAI
MUNGLVA PFUPI INOTEVERA.
NDICHAMBOKWIRA MUGOMO
KUNONAMATA.

JESU WAKAKWIRA MUGOMO ARIOGA,
VADZIDZI VAKE NDOKUTUNGAMIRA
KUMHIRI KWERWIZI NECHIKEPE.



YAIVA TSIKA YAKE JESU KUENDA
KURENJE ARIOGA KUNONAMATA.

MATEU 14:20-23



VARIPAKATI PERWIZI
KWAKALIYA DUTU GURU
RAKATYISA VADZIDZI SEZVO
VAIFUNGA KUTI VAKUNYURA.

HANDISATI
NDAMBOONA
DUTU GURU
RAKAIPA
KUDAI.

HANDIFUNGI
KUTI
TINORARAMA
PAKADAI.



TAKUNYURA!


**TARIRA! PANE CHINHU
CHINOFAMBA PAMUSORO
PEMVURA!**



CHIPOKO!

CHIPOKO!

**ZVAARI MUNHU
ARIKUFAMBA PAMUSORO
PEMVURA!**



ISHE, KANA
MURIMI, NDITENDEREI
KUTI NDILUYE NDICHIFAMBA
NEPAMUSORO PEMVURA
SEZVAMUNOITA.

PETURU,
NDINI USATYE.

HUYA
KWANDIRI
PETURU.

MATEU 14:24-29



***KWETE
PETURU!***

**NDAKULUYA
IKOKO ISHE.**

PETURU ARIKUFAMBA
PAMUSORO PEMVURA
ZVEMAZVIROKWAZVO.



PETURU PAAKAONA MAFUNGU
MAKURU, NDOKUTADZA
KURAMBA AKATARISA PANAJESU,
AKATANGA KUNYURA.



KUTYA KWAKAPARADZA
KUTENDA KWAKE
NDOKUTANGA KUNYURA.



***ISHE
NDIBATSIREIWO!***

MATEU 14:29-30

PETURU,
SEI USINA
KURAMBA
UCHIVIMBA
NENI.



JESU WAKADZORA
PETURU KUCHIKEPE,
VOSE VACHIFAMBA
NAPAMUSORO
PEMVURA.

*PETURU,
WAFAMBA
NAPAMUSORO
PEMVURA.*





RUNYARARO,
DZIKAMA.

JESU WAKATSIURA DUTU,
KUKAVA NORUNYARARO.

MATEU 14:31-39; MAKO 4:38-41



IBVAI
KWANDIRI
ISHE, NDIRI
MUTADZI.

ZVOKWADI MURI
MWANAKOMANA
WAMWARI.

ISHE
NAMWARI
WANGU.

MUZODZIWA
WAIZIRAYERE.




MUKUFAMBA
KWENGLVA

PAMUTAMBO UNO
PANE VANHU VAKAWANDISA.
VANHU VARIPANO VANOBVA
KUNZVIMBO DZAKASIYANA
SIYANA KUSANGANISRA
KUROMA NEKUIJIPITA.

HANDEI PEDYO
NEKUDUWINHO
LIKO.

UYU ANOGARA
ARIPANO KUBVA
KARE.





UNODA
KUNATSWA
HERE?

HAPANA
MUNHU
LINGANDIBATSIRA.



SIMUKA, TORA
MUBHEDHA WAKO
UFAMBE.

NDIMI JESU
HERE? NDANZWA
GUHWU REMINANA
YENYU.

JOHANE 5:1-8



NGAAREGE
KUTAMBA
NEMUNHU UYU
ZVAKADARO. AVE
NEMAKORE MAKUMI
MATATU NEMASERE
AKAREMARA
KUDARO.

NHASI IZUVA
RESABATA, HAAFANIRI
KURIKANGANISA
NOMUTOWO IWOYO.



NDINONZWA KUTI
PANE HURONGWA
HWOKUMUPARADZA.
ZENZE RAKE RAKURISA.

ANOFUNGA KUTI
NDIYE ANI CHAIZVO.
MUPONESI?

ICHOKWADI,
VANHU VOSE
VAKUTENDA KUTI
UNOITA MINANA.



**MAKUMBO AKE!
ARIKUKURA!**



AKUSIMUKA!

HAZVIITE!



MWARRI
NGAVAKUDZWE!
MUSHURE
MEMAKORE
OSE AWA.

JESU
NDIYE
MUPONESI!



SEI
LCHIPORESA
VANHU MUSI
WESABATA?

MOZISI
WAKATI SABATA
NDEROKUZORORA.

ZVINOTENDERWA KUDHONZA
MOMBE YAKO YADONHERA
MUGOMBA. NDATYORA MURAIRO HERE
NOKUPORESA MUSI WESABATA.

BABA
VANGU VANOSHANDA
NOMUSI WESABATA,
INI NDINOTEVEDZERA
ZVANDINOONA VACHIITA.

LUKA 14:5-6;
JOHANE 5:9-17



**MUBATEI!
ANOFANIRA
KUTAKWA
NEMABWE
KUSVIKA AFA.**

**ANOTI MWARI
NDIBABA VAKE.
ANOZVIENZANISA
NAMWARI.**

MUURAYEI!




MUNODA
KULURAYA MUNHU
NOKUTI APORESA
MUSI WESABATA?

ANOMHURA
MURAIRO?

HAANA
ZVAATAURA
ZVINOMHURA
MURAIRO.


TEERERA
KUNE
ZVAANOTAURA.



NDINZWEI.
MUNOSHAMISWA NOKUTI
NDAITA MUNANA UMWECHETE
LIYU. MUCHAONA MINANA MIKURU
KUDARIKA LIYU. BABA VANGU
VANOMUTSA VAKAFA, UYE
VANONDIPA SIMBA ROKUMUTSA
VAKAFA. BABA VANGU VAKANDIPA
SIMBA PAMUSORO PEZVINHU
ZVOSE PASI PANO.

KANA
MUSINGANDIKUDZI
HAMUKUDZIWO BABA VANGU.
LIYO ANOTENDA KWANDIRI,
ANOTENDAWO KUNE LIYO
WAKANDITUMA UYE ACHAVA
NOLUPENYU HUSINGAPERI.

UNOPA SEI
VANHU UPENYU
HUSINGAPERI?



ICHAKWANA
NGUVA VAKAFA
PAVACHANZWA IZWI
RANGLU VAGOMUKA
KUBVA KUMAKUVA.
AVO VAKABATA
ZVAKANAKA
VACHAMUKIRA
KUUPENYU
HUSINGAPERI,
AVO VAKATADZA
VACHAMUKIRA
KUKUPARADZWA
MUGOMBA
REMOTO.

LIRI
KUMHURA
MWARI. NDIYANI
LINGAMUTSA
VANHU KUVAFI.
MWARI WOGA
NDIYE ANOPA
UPENYU
HUSINGAPERI.

JOHANE 5:18-29


A comic book illustration showing Jesus at the top, wearing a white robe with a yellow sash, pointing towards a crowd of people below. The crowd consists of various men in traditional attire, including hats and robes, looking towards Jesus. The background is a simple outdoor setting with a yellow and white striped border.

HAMUTENDI
KWANDIRI,
ASI JOHANE
WAKAPOROFITA
ZVEKUIYA KWANGU, UYE
MAGWARO ANODARO
ZVEKARE. NZVERAI
MAGWARO NOKUTI PANE
ZVIPOROFITA ZVIZHINJI
ZVINOTALAURA
PAMUSORO
PANGU.

MUSATI NDICHAKUPOMERAI
MHOSVA PAMBERI PABABA
VANGU. MURAIRO WAMOSISI
WAMUNOTADZA KUTEVEDZA
NDIWO UCHAKUPOMERAI
MHOSVA.


LIYU NDIYE
WAVANODA KUURAYA,
ASI HOYO ANOTALAURA
ASINGATYI PASINA
ZVAVANOMUITA.

VADZIDZI
VANOTI HATIZIVI
KUCHABVA
MUPONESI, ASI
IWE TINOZIVA
KUTI URI MWANA
WEMUVEZI
ANOBVA
GARIREYO.



MUCHATI
MUNONDIZIVA,
UYE MUNOZIVA
KWANDINOBUVA. HANDINA
KULUYA PASI PANO
NOKUDA KWANGU, ASI
BABA VANGU NDIWO
VAKANDITUMA. IMI
HAMUZIVI BABA VANGU,
ASI INI NDINOVAZIVA
UYE NDIWO
VAKANDITUMA.

KO ANZWA
ZVANDATAURA
SEI?



ANOZIVA
ZVINHU
ZVOSE.

LYU NDIYE
MUPONESI
WAINZI
UCHALYA!

MUNOTARISIRA KUTI
MUPONESI ACHAITA MINANA
INOPFLURA APA HERE?




ENDAI
IZVOZVI
MUNOMUSUNGA
LIYO ANOMHURA
MWARI.

IKOZVINO
ZVINHU
ZVAZOSHATA
MANJE.

VANHU
VAKUMUTEVERA
NOKUMUTENDA.
ANOFANIRA
KUNYARADZWA.

JOHANE 5:30-39, 45,
6:42-43, 7:25-32, 40-41




VAKAROPAFADZWA
VANODOKWAIRIRA
KURURAMA NOKUTI
VACHAGUTSWA.

KANA PANE ANE
NYOTA, NGAALIYE
KWANDIRI AGONWA.
MWEYA MUTSVENE
UCHAVA MAARI SECHITUBU
CHOUPENYU CHINOSVIKA
NOKUSINGAPERI.

VAKAROPAFADZWA
VANOTSVAGA
RUNYARARO NOKUTI
VACHANZI VANA VAMWARI.
IDAI VAVENGI VENYU UYE
MUVAROPAFADZE.

HAATAURI
SEZVINOITA
VAPARI
VEMHOSVA.

VANOTI
NDIYE
AKAPOROFITWA
NAVAPOROFITA
KWEMAKORE
ZVIURU ZVINA.



SEI MUSINA KUYA NAYE
KWATIRI? ANGA AKAMIRA
MBERI KWENYU. SEI
MUSINA KUMUBATA?

HAPANA MUNHU
ANOTaura SEMATAURIRO
AANOITA.

ANOTaura
PAMUSORO PERUDO
NEKUREGERERA.

HAIWAWO! NEMIWO
MATONYENGERWAWOKA?
MAKUTOTENDA KWAARI IMI
VATONGI VAKADZIDZA NEMI
VAFARISE? JESU UYU
UNOFANIRA KUFA.



NIKODHIMASI, UYO WAKANOONA
JESU USIKU WAKATAURA.

KO MURAU WEDU
UNOPOMERA MUNHU
MHOSVA ASINA KUPAWO
UCHAPUPLU HWAKE HERE?

NIKODHIMASI, WAMUMWE
WEVANOMUTEVERAWO HERE? NZVERA
MAGWARO HAPANA MUPOROFITA
ANOBVA KUGARIREYO. WAIFANIRA KUBVA
KUBHETEREHAMA REJUDHIYA UYE
ANOFANIRA KUVA MWANAKOMANA
WADHAVHIDHI.

MATEU 5:6, 9;
JOHANE 4:14, 7:45-52




ANONYENGERA
VANHUWO ZVAVO
NEMANYEPO.

ANOITA
SEANOZIVA
ZVINHU ZVOSE.

KO TINOREGEREI
KUTUMA GWETA
RAKADZIDZA RINOMUTAPA
PANE ZVAANOTAURA.



PANE GWETA
RANDINOZIVA RINOGONA
ZVEKUGONA ZVIYA.




GWETA RAVO
RAKALIYA
KUZOBVUNZURUDZA
JESU.

KO IWO
MURAIRO
UNOTI KUDII?

ISHE, CHII
CHANDINOFANIRA
KUITA KUTI
NDIWANE
UPENYU
HUSINGAPERI?


UNOTI, IDA MWARI
WAKO NOMOYO WAKO
WOSE NESIMBA RAKO ROSE
NEPFUNGWA DZAKO DZOSE,
LIYE UGODAWO MUVAKIDZANI
WAKO SEZVALINOZVIDA
IWE.



NDOMHINDURO
YAKO IYOYO? RUDO
NDIRWO RUNOZADZISA
MURAIRO WOSE. UKADA
MUVAKIDZANI WAKO
SEMADIRO AUNOZVIITA,
WAFADZA MWARI.

KO MUVAKIDZANI
WANGU NDEUPI?
NDINOVIMBA
HAMUREVI CHERO
VATADZI, VAROMA
AVA?

REGA
NDIKLUDZE
KANYAYA
KADIKI.



PANE MURUME
WAIENDA JERIKO
ACHIBVA JERUSAREMA,
AKASANGANA NEMATSOTSI
MUNZIRA, AKAMUROVA
ZVAKAIPISISA NDOKUMUBIRA
HEMBE DZAKE,
VAKAMUSIYA ACHINGE
AFA..

MUPIRISITA
AKAPFUURA NEPAIVE
NEMURUME UYU ASI
HAANA RUBATSIRO
RWAAKAMUPA.

RLIKA 10:25-31


MUREVHI AINGE AINE
DZORO MÜTEMBERI AKAPFUURA
NEPO ZVEKARE, AKAONA
DAMBUDZIKO RAINGE RASANGANA
NEMURUME UYU ASI HAANA
CHAAKABATSIRA NACHO.



ZVINOBATSIREI KUNZI
UNE RUDO ASI USINGABATI
MABASA ERUDO? KANA KUTI
USINGADI MUVAKIDZANI WAKO
KANA MWARI WACHO?

PAKAZODARIKAWO NEMUMWE
MURUME AIBVA KUSAMARIYA.


AVA VANHU VAIZVIDZWA NAVAJUDHA
ZVAKANYANYA UYE VAINZI HAVANA KUCHENA
PAMBERI PAMWARI. PAAKAONA KUTI PANE
MUNHU AKUVADZWA UYE ABIRWA NHUMBI
DZAKE, HAANA KUKOSHESA KUTI
AIVE MUJUDHA.

A man wearing a blue hooded cloak and a white tunic is riding a brown donkey. The donkey is carrying several wooden poles on its back. They are in a desert landscape with brown hills and a grey sky. In the foreground, two people are lying on the ground, one on their back and one on their side, appearing to be dead or unconscious.

MUSAMARIYA
AKANZWIRA
MURUME UYU TSITSI
NDOKUMIRA KUTI
AMUBATSIRE.



MUSAMARIYA AKAGEZA
NOKUSUNGA MARONDA
EMURUME UYU. RUDO RWAKE
RWAIVA MUKUITA, KWETE
MUMASHOKO BEDZI.




MUSAMARIYA
AKAISA MURUME
AKAKUVADZWA
PADHONGI RAKE
NDOKUNOMUISA
MUHOTERA KUTI AWANE
NGUVA YOKUZORORA
NEKUPORA.

ITA ZVISHOMA
NEZVISHOMA.
UCHANOZORORA
PAMUBHEDHA
ZVINO ZVINO.



NDICHABHADHARIRA
KUGARA KWAKO
NECHIKAFU CHAKO
CHEMAASVONDO MAVIRI.
KANA RUBATSIRO
RWAUCHAPIWA
RWUKADARIKA MARI
YANDABHADHARA
NDICHATUTSIRA
PANDINODZOKA
NEPANO.

RLUKA 10:32-35



WANDIBVUNZA KUTI MUVAKIDZANI
WAKO NDIYANI, CHINDIUDZA,
NDIYANI AKAVA MUVAKIDZANI
WOMURUME UYU?

UYO
AKARATIDZA
RUDO.

ZVAKANAKA!




CHIENDA UNOITA
SEMUSAMARIYA.
WONODA MUVAKIDZANI
WAKO.



URI BENZI!
MUBURITSEI MUNO
ASATI ATENDEUTSWA
NAJESU.

IDZIDZISO
YERUDZI RWUPI
YAKADAI? HAZVIITIKE IZVI.
VANHU HAVAZVIGONI
ZVEKURATIDZANA
RUDO IZVI.



MAKANZWA KUTI IDA HAMA
YAKO LIGOVENGA MUVENGI WAKO.
ASI INI NDINOTI KWAMURI, IDA MUVENGI
WAKO LIGOROPAFADZA VANOKUTUKA.
ITIRA ZVAKANAKA KUNE VAKAKUVENGA
UYE UVANAMATIRE VANOKUSHANDISA,
VANOKUZVIDZA NEVANOKURWISA.

MATEU 5:43-44;
LUKA 10:36-37



<https://goodandevilbook.com/>